



OFFICE OF ECONOMIC  
SELF-SUFFICIENCY  
MYFLFAMILIES.COM

## Kesyon Moun Poze Souvan Konsènan Ekspirasyon/Ranplasman Kat EBT

**1. Kilè ranplasman kat EBT yo pral kòmanse?**

Repons: Kat EBT Florida pral kòmanse ekspire 30 avril 2015.

**2. Kilè kat EBT pral ekspire?**

Repons: Kat ou ap ekspire nan dènye jou mwa/ane ki endike devan kat ou. Se dat “Good Thru” (Bon Jiska) ki devan kat ou pou dat sa a.

**3. Kisa pou mwen ta dwe fè si adrès mwen chanje?**

Repons: Si adrès ou chanje, tanpri konekte nan Kont MyACCESS ou sou sitwèb [www.myflorida.com/accessflorida.com](http://www.myflorida.com/accessflorida.com) epi Rapòte yon Chanjman pou nou kapab voye nouvo kat ou nan adrès ki kòrèk la.

**4. Kilè m ap resevwa nouvo kat mwen?**

Repons: Ou ta dwe resevwa nouvo kat ou nan apeprè 20yèm jou mwa kat ou pwograme pou ekspire.

**5. Kisa mwen ta dwe fè si nouvo kat mwen pa rive nan 20yèm jou mwa a?**

Repons: Rele Sèvis Kliyantèl EBT nan nimewo 1-888-356-3281 pou pale avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl konsènan nouvo kat ou.

**6. Kisa pou mwen fè avèk nouvo kat mwen lè mwen resevwa li?**

Repons: Ou kapab itilize nouvo kat ou imedyatman li rive. Li aktive deja. PIN ou genyen deja a p ap chanje. Senpleman ale nan magazen pou fè yon tranzaksyon.

**7. Kisa k ap pase avèk ansyen kat mwen?**

Repons: Apre ou fè premye tranzaksyon ou avèk nouvo kat ou, ansyen kat la ak dezaktive otomatikman. Ou ka koupe ansyen kat an de epi jete li.

**8. Kisa k ap pase si PIN mwen genyen deja pa travay avèk nouvo kat mwen?**

Repons: Rele Sèvis Kliyantèl EBT nan nimewo 1-888-356-3281, antre nouvo nimewo kat ou lè ou jwenn endikasyon pou fè sa, epi peze 4 pou antre yon nouvo PIN.



**Expiring Card**



**New Card**